

# 7 BAGAY POU KONNEN LÈ OU FÈ YON MAMOGRAM

Mamogram (radyografi tete se pi bon zouti depistaj nou genyen pou jwenn kansè tete bonè, lè li ka pi fail pou trete. Apre oumenm ak pwofesyonèl swen sante ou detèmine yon kalandriye depistaj, l ap ede ou konnen sa pou espere pou li kapab fèt san pwoblèm otank posib. Men sa ou bezwen konnen.

Yon mamogram se yon radyografi tete doktè itilize pou jwenn chanjman nan tete yo. Doktè te konn itilize radyografi pou egzamine tisi tete prèske depi yon syèk. Jodi a, doktè itilize machin radyografi pou mamogram yo pwodui radyografi ki mwens enèji epi pou ekspoze tete a nan mwens radyasyon parapò avèk sa yo te konn itilize lontan.



## KISA YON MAMOGRAM YE?

2

Jwenn yon sant ki espesyalize nan mamogram. Administrasyon Etazini pou Manje ak Medikaman (US Food and Drug Administration, FDA) sètifye sant mamogram yo ki satisfè estanda kalite ak sekirite. Mande pou wè sètifika FDA si pa gen youn yo poste toupre biwo resepsyonis lan. Epi lè ou jwenn yon sant ou renmen, pèsevere avèk li. Si ou fè tout mamogram yo nan menm sant lan sa ap fè li pi fasil pou doktè yo konpare imaj yo ant youn ane ak pwochen ane a. Si ou te fè mamogram yo nan kèk lòt sant, mande sant yo pou yo voye imaj yo nan nouvo sant ou.

## KOTE POU JWENN LI

Li pi bon pou pran randevou pou mamogram ou apeprè yon semèn apre règ ou. Tete ou yo p ap sansib oswa anfle menm jan, sa ki vle di mwens malèz pandan radyografi a.



## LÈ POU PRAN RANDEVOU A



**MAKING STRIDES  
Against Breast Cancer®**

*7 Things to Know about Getting a Mammogram – Haitian Creole*

Metè rad ki gen 2 pyès paske w ap bezwen retire kòsaj ou ak soutyen ou. Pa pase deyodoran, anti-transpiran, poud, losyon, oswa pomad nan oswa toutotou pwatrin ou nan jou w ap fè mamogram ou. Pwodui sa yo kapab parèt tankou tach blan nan radyografi yo.



**SA POU METE (AK SA POU PA METE SOU OU)**



**SA POU ESPERE**

Tout pwosedi a ap pran apeprè 20 minit. Doktè a ap konprese tete a nan mitan de plat plastik pou kèk segonn pandan l ap fè yon radyografi. Doktè a ap re-pozisyon tete a (epi l ap konprese li ankò) pou fè yon lòt obsèvasyon. Answit l ap fè menm bagay la nan lòt tete a. Ou kapab santi ou pa alèz lè doktè a ap plati tete ou, men sa nesèsè pou bay doktè yon obsèvasyon pi aklè.

Ou ta dwe resevwa rezilta yo anvan 10 jou. Si ou pa resevwa rezilta yo, ou ta dwe rele pou mande yo. Si doktè yo jwenn yon bagay ki sispèk, y ap pètèt kontakte ou nan yon semèn pou yo fè nouvo imaj tete ou oswa pou yo fè lòt tès ladan yo. Men sa pa vle di ou gen kansè. Yon rezilta sispèk ka se senpleman tisi tete ou ki epè oswa yon kis ou gen ladan. Lòt fwa yo, imaj sèlman pa klè epi li bezwen refè. Si sa se premye mamogram ou, doktè ou ta ka vle egzamine yon zòn depre pi plis senpleman paske pa gen mamogram ou te fè anvan pou konparezon.



**LÈ W AP RESEVWA REZILTA YO**



**SA POU PEYE**

Pou fanm ki pa gen asirans oswa ki pa touche ase revni, gen sèvis mamogram gratis oswa pou pri ba ki disponib pou yo. Yo òganize kèk nan pwogram sa yo pandan Mwa Nasyonal pou Kansè Tete (National Breast Cancer Monty) nan mwa oktòb, alòske yo òganize lòt yo pandan tout ane a. Rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345** pou jwenn yon pwogram ki toupre ou.



Ale sou sitwèb [cancer.org/FightBreastCancer](https://www.cancer.org/FightBreastCancer) pou jwenn plis enfòmasyon ak sipò pou kansè tete.